

**MITOS LAN LEGENDHA SAJRONE CERBUNG *UMBUL SUNGSANG*
ANGGITANE AL ARIS PURNOMO (TINGINGAN ANTROPOLOGI SASTRA)**

Arinis Shoffah

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa) Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Surabaya
arinnis11@gmail.com

Drs. Bambang Purnomo, M. S

Dosen Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa) Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Carita sambung *Umbul Sungsang* anggitane Al Aris Purnomo iki nyritakake urip bebrayan ing Dhusun Pringapus kang masyarakate tansah njaga lestarine lingkungan lan budayane. Sistem pranata sosial lan upaya-upaya kang ditindakake warga Dhusun Pringapus kanggo nglestarike lingkungan lan budayane digambarake kanthi cetha ing cerbung iki. Perkara iki uga kang dadi *ciri khas* carita. Urip prasaja lan rasa tresnane masyarakat Dhusun Pringapus marang lingkungan lan budayane bisa dadi kaca benggala tumrap masyarakat jaman saiki. Cerbung Umbul Sungsang uga nggambarake mitos lan legendha kang ngrembaka ing masyarakat sajrone carita, mula adhedhasar mitos lan legendha kang ana, cerbung *Umbul Sungsang* iki bakal ditintingi kanthi tingingan Antropologi Sastra.

Tema kang kinandhut ing cerbung yaiku lestarine budaya lan lingkungan. Dena alur carita kang digunakake yaiku alur campuran kang uga nggambarake anane konflik carita. Ana sawijine konflik utama kang njalarane anane konflik-konflik liyane, yaiku tindak kadurjanan kang dilakoni dening sawijine paraga. Dene underan kang kapindho yaiku mitos sajrone cerbung *Umbul Sungsang*. Carita mitos kang dikandhut sajrone cerbung yaiku : mitos ngenani iwak gateng kang urip ing Umbul Sungsang, mitos patung sirah macan, mitos sendhang Umbul Sungsang, mitos dina pasaran, mitos swara manuk bintit, lan mitos ngelmu sima kalang. Carita legendha kang kinandhut yaiku : legendha dumadine Umbul Sungsang, legendha jeneng Dhusun Pringapus, legendha telung reca sirah macan, lan legendha patung sirah macan nganggo makutha. Carita iki nduweni sumber *inspirasi* saka carita Umbul Naga kang manggon ing dhaerahe pangripta, yaiku Dhusun Karanglor-Wonogiri. Carita Umbul naga yen dibandingake karo carita Umbul Mandhing, sarta carita sendhang patak buta lan sendhang gaceng nuduhake sawijine perkara kang beda. Tetelune carita kuwi ngandhut tema lan nilai kang beda, nanging telung carita kuwi nduweni motif kang padha, yaiku motif sirikan utawa larangan. Ana saperangan sirikan kang diugemi ing telung carita mau.

Abstrak

Cerita bersambung *Umbul Sungsang* karangan Al Aris Purnomo ini menceritakan kehidupan di Dusun Pringapus yang masyarakatnya sangat memperhatikan kelestarian lingkungan dan budayanya. Sistem pranata sosial dan upaya-upaya yang dilakukan warga Dusun Pringapus dalam melestarikan lingkungan dan budayanya digambarkan dengan jelas pada cerbung ini. Masalah ini juga lah yang menjadi ciri khas cerita. Hidup sederhana dan kecintaan masyarakat Dusun Pringapus terhadap lingkungan dan budayanya bisa menjadi suri teladan bagi masyarakat jaman sekarang. Oleh karena itu, Cerita Bersambung Umbul Sungsang akan dikaji dengan teori antropologi sastra.

Tema yang terkandung yaitu pelestarian budaya dan lingkungan, dengan alur campuran serta salah satu konflik utama yaitu konflik kejahatan. Hasil dari penelitian ini yaitu ada beberapa carita mitos dan legenda yang terkandung dalam cerbung ini. Cerita mitos yang dikandhut yaitu : mitos ikan gateng yang hidup di Umbul Sungsang, mitos patung kepala macan, mitos telaga Umbul Sungsang, mitos hari pasaran, mitos suara burung bintit, dan mitos ilmu sima kalang. Keenam mitos yang disebutkan tersebut sangat dipegang dan dipercaya oleh masyarakat Dusun Pringapus sebagai masyarakat tradisional. Sedangkan legenda yang terkandung dalam cerbung ini yaitu : legenda terjadinya Umbul Sungsang, legenda nama Dusun Pringapus, legenda petilasan yang berwujud candi, legenda tiga patung kepala macan, dan legenda patung kepala macan memakai mahkota. Legenda-legenda tersebut sudah ada dari dulu dan masih dipercaya sampai sekarang. Cerita Umbul Sungsang terinspirasi dari cerita Umbul Naga. Cerita Umbul Naga mempunyai tema dan nilai yang beda dari cerita sendhang patak buta lan sendhang gaceng dan Umbul Mandhing, tetapi ketiganya mempunyai motif yang sama, yaitu motif larangan.

Kata Kunci: mitos, legendha, antropologi sastra

PURWAKA

Cerbung *Umbul Sungsang* iki uga nggambarake legendha ngenani dumadine Umbul Sungsang lan mitos kang isih dipercaya dening masyarakat desa Pringapus. Legendha lan mitos kasebut wis ana wiwit jaman biyen,

saengga dipercaya banget dening masyarakat. mula saka kuwi, carita kasebut uga bisa diarani legendha. Masyarakat desa Pringapus tansah ngugemi carita kasebut. Mula saka kuwi Umbul Sungsang tansah dijaga

lan dilestarikake carita legendha lan mitose, nganti ora ana kang wani ngowahi tata panggonan Umbul Sungsang.

Umbul Sungsang kuwi sumber banyu kang gedhe, manggon ing perengan barisan pegunungan sewu. Ing Umbul Sungsang kuwi, sangisore beteng watu item mubeng, ana papan kanggo adus sing wis dipantha dadi rong panggonan lor lan kidul. Kang sisih lor kanggo adus wong lanang, dene ing sisih kidul kanggo adus wong wadon. Ing sisih lor padusan wong lanang ana patung sirah macan nganggo makutha. Patung sirah macan nganggo makutha kuwi uga kang dadi simbole Umbul Sungsang.

Adhedhasar gegayutane cerbung *Umbul Sungsang* karo kapitayan masyarakat sarta legendha lan mitos kang isih diugemi mau, cerbung *Umbul Sungsang* iki bakal dionceki nganggo titingan Antropologi Sastra. Titingan Antropologi sastra digunakake minangka piranti kanggo ngonceki bab kasebut kanthi luwih jero lan cetha.

Antropologi Sastra kalebu antropologi kultural, yaiku perangan antropologi kang nduweni gandheng cenenge karo reriptan-reriptan kang ditulis dening manungsa. Objek kang dikaji sajrone antropologi sastra nduweni gegayutan karo tradhisi, adat-istiadat, mitos, lan kadadayan kabudayan kang umum, minangka kadadayan kang nduweni khas lan gegayutan karo kadadayan jaman biyen (Ratna, 2011:73).

Adhedhasar landhesan panliten kang wis diandharake mau, bisa didudut underane panliten kaya mangkene :

- 1) Kepriye wujud carita sajrone cerbung *Umbul Sungsang* anggitane Al Aris Purnomo?
- 2) Kepriye mitos kang dipercaya dening masyarakat sajrone cerbung *Umbul Sungsang* anggitane Al Aris Purnomo?
- 3) Kepriye legendha kang isih ngrembaka sajrone cerbung *Umbul Sungsang* anggitane Al Aris Purnomo?
- 4) Kepriye faktualitas mitos lan legendha carita Umbul Sungsang, lan carita sabangsane sajrone bebrayan?

Adhedhasar underane panliten kang wis disebutake, mula panliten iki tujuwan kaya mangkene :

- 1) Ngandharake wujud carita sajrone cerbung *Umbul Sungsang* anggitane Al Aris Purnomo
- 2) Ngandharake mitos kang isih dipercaya dening masyarakat sajrone cerbung *Umbul Sungsang* anggitane Al Aris Purnomo.
- 3) Ngandharake legendha kang isih ngrembaka sajrone cerbung *Umbul Sungsang* anggitane Al Aris Purnomo.
- 4) Ngandharake faktualitas mitos lan legendha carita Umbul Sungsang, lan carita sabangsane sajrone bebrayan.

LANDHESANE PANLITEN

Ana panliten-panliten sadurunge kang nggunakake titingan antropologi sastra nalika ngonceki karya sastra. Ing antarane yaiku Rahmad Setyo Jadmiko taun 2010 kanthi irah-irahan *Jagading Kapriyayan sajroning Masyarakat Jawa miturut Novel Trah Anggitane Atas S.*

Danusubroto. Taun 2011 ana panlitene Deni Iska kanthi irah-irahan panlitene *Mitos lan Mistis sajroning Cerbung Salindri kebak wewadi Anggitane Pakne Puri*. Ing taun 2013 R.R Puspitaningdyah Prabantari uga nindakake panliten mawa titingan antropologi sastra, kanthi irah-irahan *Unsur Gaib Sajrone Cerbung Nothok Lawang Ping Patbelas Anggitane Esmiet*.

Panliten iki nggunakake teori antropologi sastra kang diandharake dening Ratna. Antropologi sastra mono gegayutan karo tradhisi, adat-istiadat, mitos, lan kadadayan kabudayan kang umum, minangka kadadayan kang nduweni khas lan gegayutan karo kadadayan jaman biyen (Ratna, 2011:73).

Ratna uga ngandharake yen titingan antropologi sastra iki lair adhedhasar telung sebab utama, yaiku : (1) antropologi lan sastra padha-padha nganggep basa minangka objek kang wigati, (2) antropologi lan sastra padha-padha ngrembug relevansi manungsa budaya, (3) antropologi apadene sastra uga ngrembug perkara tradhisi lisan, mligine crita rakyat lan mitos. Miturut Ratna (2011: 64) bab-bab kang dirembug ing titingan antropologi sastra yaiku basa, kang uga digunakake sajrone karya sastra minangka struktur naratif, ing antarane yaiku (1) aspek-aspek naratif sawijine karya sastra saka kabudayan kang beda-beda, (2) panliten aspek naratif saka epik kang wiwitan nganti novel kang paling modern, (3) wujud-wujud arkais ing sawijine karya sastra, sajrone konteks individual apadene generasi, (4) wujud-wujud mitos lan sistem religi sajrone karya sastra, lan (5) daya pangaribawane mitos, sistem religi, lan citra primordial liyane sajrone kabudayan populer. Panliten iki kalebu bab-bab kang dirembug sajrone antropologi sastra kang diandharake dening Ratna mau, mligine nomer papat lan lima.

Miturut Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2009: 2), fiksi bisa ditegesi minangka carita rekaan utawa carita kayalan, jalaran fiksi mono awujud karya naratif kang isine ora asipat sejarah kang bisa dibuktekake bener orane carita kasebut.

Kanggo ngonceki bab mitos kang ana ing cerbung *Umbul Sungsang*, panliten iki nggunakake andharane Levi-Strauss sajrone Endraswara. Mitos ora mesthi relevan karo sejarah lan kanyatan, mitos uga ora mesthi asipat sakral utawa wingit (suci). Mula saka kuwi mitos kang suci ing sawijine panggonan, ing panggonan liyane bisa dianggep biyasa wae. Mitos kang dening saklompok pawongan dipercaya bener anane, ing panggon liya mung dianggep kayalan. Dadi, mitos miturut Levi-Strauss dianggep ora luwih saka dongeng.

Sabanjure kanggo ngonceki bab legendha kang kinandhut ing cerbung *Umbul Sungsang*, panliten iki nggunakake andharan saka Danandjaja (1986:66), legendha yaiku carita prosa rakyat kang dianggep dening saklompok masyarakat tartamtu (*folk* kang nduweni carita) minangka kadadayan nyata. Legendha asipat sekuler (*keduniawian*), dumadi ing wektu kepungkur kang ora kuna banget, lan manggon ing donya kang nyata. Mula saka kuwi legendha asring diarani minangka sejarah *kolektif* (*folk history*), nanging asring ora padha karo carita asline jalaran ora ana bukti tinulis.

Perkara sosial-budaya masyarakat Jawa kang dirembug ing panliten iki, linandhesan marang andharane Endraswara (2006:44). Hakekat uripe wong Jawa ora bisa uwal saka pangupaya tumindak becik marang masyarakat sakupenge. Mula saka kuwi, masyarakat Jawa nyengkuyung konsep urip “memayu hayuning bawana” minangka kewajiban luhur lan sikap uripe manungsa Jawa. Bab iki uga kang njalari katentreman lan rasa ayem minangka dhasar kamulyaning urip masyarakat Jawa.

Dene teori kang digunakake kanggo ngonceki bab wujud carita sajrone panliten iki yaiku andharane Abram (sajrone Nurgiyantoro, 2005:36) ngandharake struktur karya sastra nduweni teges susunan, *penegasan*, lan gambaran sakehing bahan lan perangan kang dadi komponen kang njalari endahing karya sastra. Saliyane kuwi struktur karya sastra uga nduweni teges sesambungan antarane unsur intrinsik kang nduweni sipat *timbal balik*, padha nduweni pangaribawa kang bebarengan mbentuk *kesatuan* kang wutuh.

METODHE PANLITEN

Panliten kanthi irah-irahan *Mitos lan Legendha Sajrone Cerbung Umbul Sungsang Anggitane Al Aris Purnomo* iki nggunakake metode *kualitatif deskriptif*. Metode *kualitatif* yaiku sawijine panliten kang diwatesi dening fakta-fakta sosial. Fakta sosial yaiku fakta-fakta kang ditafsirake dening subjek (Ratna, 2011:47). Pamawas mau gayut karo pamawase Moleong (2010:6) kang ngandharake yen panliten *kualitatif* yaiku panliten kang nduweni maksud kanggo ngerteni *fenomena* apa wae kang dialami dening subjek panlitene kayata *persepsi* lan *motifasi* kanthi holistik, lan kanthi cara deskripsi awujud tembung-tembung lan basa sajrone konteks tartamtu kang alamiah lan kanthi nggunakake metode-metode alamiah.

Panliten iki nggunakake sumber dhata primer lan dhata sekunder. Dhata primer panliten iki arupa cerbung kanthi irah-irahan *Umbul Sungsang* anggitane Al Aris Purnomo. Cerbung iki dipacak ing kalawarti Jaya Baya wiwit edhisi 7 nganti teka edhisi 27 taun 2012 nganti taun 2013. Dene dhata sekundere yaiku Carita Umbul Mandhing saka *Posmo* majalah *Jawapos* lan carita Sendhang Patak Buto lan Sendhang Gaceng ing Desa Jampet, Ngasem, Bojonegoro. Dhata minangka bahan utawa objek kang bakal dikaji. Dhata kang bakal dianalisis arupa tembung-tembung, ukara, lan wacana kang ana sajrone cerbung *Umbul Sungsang* mligine kang ngamot ngenani perkarane panliten.

Cara ngumpulake dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku teknik waca pilih cathet. Teknik waca pilih cathet iku teknik kang digunakake kanggo nggoleki dhata kanthi cara maca teks utawa *literatur* kang dadi sumber panliten. Maca sawijine objek karya sastra kudu dibolan-baleni supaya sakabehe unsur karya sastra bisa dimangerteni. Kanthi cara teoritis maca kang dibolan-baleni bakal nuwuhake makna kang beda tinimbang yen mung maca sepisan (Ratna, 2011:18). Dene Teknik analisis dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku deskriptif analitik kanthi nggunakake teori antropologi sastra. Metode deskriptif analitik yaiku analisis kang

ditindakake kanthi cara ngandharake fakta-fakta, banjur kasusul analisis (Ratna, 2011:53).

ASILE PANLITEN

Cerbung Umbul Sungsang iki nggambarake sosial budaya masyarakat Dhusun Pringapus kang isih ngugemi bab carita-carita rakyat leluhure lan nuduhake panguripan kang isih tradisional. Dhusun Pringapus kalebu dhusun kang mencil lan isih ndesa banget, durung mambu teknologi kayata internet lan HP. Dhusun iki manggon ing perengan barisan pegunungan sewu kang papane isih asri, adoh saka ramene kutha lan masyarakat tansah urip prasaja.

“Kahanan Dhusun Pringapus tansah ayem tentrem lan guyub rukun. Panguripane warga dhusun banget prasaja, kabeh olah tetanen. Migunakake banyu Umbul Sungsang kanggo ngoncori sawah.” (Kaca 22, JB No. 07 2012)

Umbul Sungsang minangka simbol sumber panguripane masyarakat Dhusun Pringapus banjur didadekake judhul cerbung dening pangripta. Papan Umbul Sungsang dijaga banget dening masyarakat Dhusun Pringapus kanthi ora ana kang wani ngowahi tata panggonan Umbul Sungsang. Kajaba nduweni sumber banyu kang bening lan ora ana watese, Umbul Sungsang uga nduweni caita mitos lan legendha kang uga isih diugemi dening masyarakat.

Cerbung Umbul Sungsang anggitane Al Aris Purnomo iki nggunakake alur campuran, yaiku alur maju lan mundur. Ana saperangan carita kang diandharake asil pungkasan carita dhisik, banjur lagi dijlentrehake kedadeyan-kedadeyan apa kang wis njalari anane pungkasan carita mau. Ora kabeh dalan carita dijlentrehake kathi kaya mangkono, nanging malah akeh kang nggunakake alur maju. dalane carita kang diandharake ing cerbung iki gampang dingerteni lan narik kawigatene pamaca.

Konflik utama kang dadi punjering sakehe konflik ing carita iki yaiku anane tindak durjana kang dilakoni dening Maesa Wertanto. Maesa Wertanto minangka pawongan saka kutha nduweni maksud ala marang papan Umbul Sungsang mligine patung sirah macan. Dheweke nduweni niat ngedol patung sirah macan kuwi jalaran patung kuwi nduweni nile materi kang gedhe jalaran kalebu patung kuna. Kadurjanan kang ditindakake dening Maesa Wertanto ditutupi kanthi apik jalaran ditutupi nganggo lelakone kang nenepi Umbul Sungsang ing wektu-wektu tartamtu. Kamangka lelakon nenepi Umbul Sungsang kuwi mung awujud *alibi* kanggo nutupi niat alane

Gateng dianggep dening masyarakat minangka kewan ingon-ingone kang mbaureksa Umbul Sungsang. Mitos ngenani gateng kuwi isih diugemi banget dening masyarakat, kabukti saka ora ana pawongan kang wani ngganggu-gawe. Mula saka kuwi, ora ana kang wani njupuk saperlu digawe lawuh, kamangka Gateng mono kalebu iwak loh kang lumrahe kanggo lawuh.

Gateng sing ana kono uga ora diganggu-gawe. Awit miturut warga sing manggon kiwa tengen kono, gateng kuwi ingon-

ingone sing mbaureksa Umbul Sungsang.
Menawa diganggu bakal nuwuhake
bebendu tumrap sing ngganggu-gawe.
(Kaca 22, JB No. 07 2012)

Anane mitos kang isih ngrembaka ing masyarakat
Desa Pringapus njalari mitos kasebut nduweni kakuwatan
tartamtu. Kaya dene pethikan mau kang ngandharake
kapercayane masyarakat tumrap badan alus kang
mbaureksa ing Umbul Sungsang. Kapercayan kasebut
digayutake karo wujud nyata kewan gateng kang urip ing
Umbul Sungsang.

Carita mitos ngenani patung umbul sungsang kang
isih dipercaya ora ngowahi bab tata pamikire masyarakat
desa Pringapus. Masyarakat mung saderma njaga papan
Umbul Sungsang lan ngugemi carita-carita mitos lan
legendha kang wis ana wiwit jaman biyen. Sikap lan rasa
tresna marang lestarine Umbul Sungsang kang dilakoni
dening masyarakat mung minangka wujud darma bakti
lan rasa hormat marang sesepuh desane. Masyarakat
percaya yen tansah nglestarikake Umbul Sungsang bakal
tansah aqweh ketentremen urip saka alam sakupenge.
Banyu kang metu saka umbul kuwi minangka sumber
panguripan kang tansah digunakake lan dibutuhake
dening masyarakat desa Pringapus.

Ana bageyan ing Umbul Sungsang kang ora biyasa
digawe jejeguran utawa langen dening masyarakat desa
Pringapus. Bageyan kuwi mau biyasa diarani Sendhang
Umbul Sungsang dening masyarakat desa Pringapus.
Nggon kang biyasa digawe langen lan adus dening warga
dhusun biyasa diarani padusan lor lan padusan kidul.
Padusan kuwi cacahé loro jalaran dipisah kanggo
mbedakake nggon aduse wong lanang lan wanita.

Diarani sendhang Umbul Sungsang jalaran ing
sendhang kuwi nggon metune sumber banyu. Ing
sendhang kuwi katon prempul-prempul unthuk cilik kang
ngrenggani ing tengah sendhang. Ya ing prempul-
prempul kuwi nggon metune sumber banyu asa ngisor
sendhang. Sendhang kang banyune tansah bening kuwi
ora sembarang wong kang diolehi nyemplung. Perkara iki
jaluran saka carita mitos kang isih dipercaya dening
masyarakat dhusun Pringapus ngenani sendhang kuwi.

“Nganti saiki ora ana kang wani
nyemplung sendhang lan nyedhak marang
Umbul Sungsang kejaba anak turune
Sembada, utawa wong sing diwenehi
palilah dening anak turune Sembada”.
(Kaca 22, JB No. 19 2013)

Yen ngrembug bab mitos sendhang iki, ora bisa
uwal saka paraga Sembada. Mbok menawa jeneng
sembada wis dikenal dening masyarakat dhusun
pringapus jalaran ana ing sakehe carita mitos lan
legendha umbul sungsang. Ing carita kang diandharake
dening Mbah Bayan Kertowiguno, Sembada nduweni
peran akah marang dumadine Umbul Sungsang lan
carita-carita mitose. Saka sakehe peran paraga Sembada
marang dumadine Umbul Sungsang, mula masyarakat uga
tansah ngugemi bab crita apa wae kang ana gegayutane
karo Sembada. Kalebu ngenani sendhang Umbul
Sungasang kang nduweni mitos yaiku : ora ana kang oleh
nyemplung sendhang kejaba anak turune Sembada utawa
wong kang oleh palilaha.

masyarakat dhusun Pringapus padha isih ngugemi
bab dina pasaran kanggo adol palawija lan asil tetanen
liyane. Yen pas nepaki wayah pasaran, pasar ing
kecamatan dadi rame. Nganti ana kendharaan (padatane
mobil pikep) kang ajeg marani warga dhusun pringapus
saperlu budhal bareng menyang pasar. Masyarakat
dhusun Pringapus mesthi ngedol asil tetanene ing pasar
kecamatan. Mbok menawa kabeh kuwi jalaran ora ana
pasar desa ing Dhusun Pringapus, saengga saben pasaran
wage lan Legi akeh warga kang padha bareng-bareng
menyang pasar.

Pralambang ing jagading bebrayan masyarakat
jawa ana kang nduweni teges becik lan ala gumantung
teges kang dipercaya. Saka ala lan becike teges saka
pralambang kuwi mau, masyarakat jawa bisa ngancang-
ancang apa kang kudune ditindakake saperlu ngadhepi
kabeh kadadeyan kang bakal kalaksanan. Yen nduweni
teges becik, mesthi bakal diajangi kanthi jembar lan
sumringah. Beda karo yen nduweni teges ala, pawongan
kang ngrasakake anane pralambang ala ing uripe bakal
nduweni anclang-ancang kanggo nampik kadadeyan ala
kang dirasa bakal kelakon kuwi. Kabeh iki jalaran ira ana
pawongan kang seneng nampa kahanan utawa kadadeyan
ala ing uripe. Semana uga kang digambarake ing cerbung
Umbul Sungsang anggitane Al Aris Purnomo iki.

Wengi malem Jemuwah Kliwon wayahe
tabuh sanga, nanging wis keprungu swara
manuk ‘bintit’. Manuk kang swarane kaya
kenthongan titir, suwe-suwe bisa
ndadekake miris. (Kaca 23, JB No. 25
2013)

Miturut kapercayan jaman biyen, yen
keprungu swara manuk ‘bintit’ kuwi mau,
bakal ana durjana sing saba. (Kaca 23, JB
No. 25 2013)

Sejatine perkara swara manuk bintit kang
digayutake karo kahanan mirising ati nduweni teges beda
kang luwih mligi. Teges beda kang dimaksud ing kene
uga bisa diarani minangka pralambang tumrape
masyarakat jawa, mligine masyarakat Dhusun Pringapus.
Yen iki, ora mung pawongan siji kang percaya, nanging
wis dipercaya dening masyarakat liya kang uga isih
ngugemi bab nile-nile kapercayan jawa.

Ngelmu sima kalang yaiku sawijine ngelmu kang
diduweni dening pendhekar wanita kang dipercaya wis
owah wujud dadi patung sirah macan kang manggon ing
Umbul Sungsang. Ngelmu sima kalang diwenehake
dening pendhekar kuwi mau marang Sembada, nom-
noman desa Pringapus.

Saperangan wong ngerteni lan percaya marang
anane ngelmu sima kalang kuwi. Apa maneh masyarakat
percaya yen ngelmu sima kalang kang diduweni dening
Sembada saka pendhekar wanita kuwi uga diturunake
marang keturane Sembada. Mbok menawa wewujudan
patung sirah macan kang dipercaya dening masyarakat
minangka wujud pendhekar wanita kuwi uga ana
sesambungane karo ngelmu sima kalang kang diduweni
dening pendhekar wanita kuwi. Kabeh iki jalaran ngelmu
sima kalang kang dipercaya bisa ndadekake pawongan
malih wujud dadi macan. Mula saka kuwi sanajan ora

kabeh ngerteni kanthi cetha bab ngelmu sima kalang, nanging masyarakat dhusun Pringapus isih percaya anane ngelmu mau lan tansah njaga patung sirah macan lan papan Umbul Sungsang.

Papan Umbul Sungsang minangka wujud sumbering urip kanggo masyarakat dhusun Pringapus lan sakupenge nduweni legendha kang dipercaya anane dening warga dhusun Pringapus. Legendha kang dimaksud kuwi wis ana wiwit jaman biyen lan isih dipercaya nganti saiki. ing ngisor iki pethikan kang ngandharake bab legendha mau.

Dijenengake Umbul Sungsang awit miturut crita lisan, umbul kuwi kawitane gedhe banget sumber malah kepara ora kena dikendhaleni. Gedhe sumber bisa dikendhaleni sawise disumpet nganggo watang kayu sangga langit sing diprenahake kanthi nyungsang. Mula banjur diarani Umbul Sungsang. Papane ana perengan punthuk, sakiwa tengene umbul sing gedhe dhewe yakuwi sing jenenge Umbul Sungsang, akeh banget sumber-sumber liyane sing cacahé atusan. Jarene kuwi bisa dumadi amarga rembesan saka Umbul Sungsang sing disumpeti nganggo watang kayu sangga langit. (Kaca 22, JB No. 07 2012)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake asal mulane jeneng Umbul Sungsang. Miturut carita lisan kang ngrembaka wiwit jaman biyen ing masyarakat, Umbul Sungsang mono wis ana wiwit jaman biyen. Umbul (sumber banyu) kang metu gedhe banget sumber, kaya kaya ora bisa dikendhalikake. Gedhene sumber banyu kuwi dikawatirake bisa mbanjiri Dhusun Pringapus lan sakupenge. Mula saka kuwi sumber banyu disumpet digunakake watang kayu sangga langit kang diprenahake kanthi nyungsang. Saka kedadeyan kuwi, banjur umbul mau diarani Umbul Sungsang jalaran umbul kang disumpet banyune kanthi cara nyungsangake watang kayu sangga langit.

Dijenengi Dhusun Pringapus mbok menawa jalaran dhusun kang manggon ing cedhake Umbul Sungsang iki akeh banget tanduran pringapus kang ngubengi Dhusun. Saka anane tanduran kang ngubengi dhusun kuwi banjur digathukake karo jenenge Dhusun. Mbok menawa carita iki uga ora patiya diugemi dening masyarakat dhusun Pringapus, jalaran mung awujud crita sederhana kang ora cetha lan ana dalan caritane. Amung disambungake karo kahanan kang ana sakupenge, banjur dijenengi miturut kahanan kang ana yakuwi anane tanduran pringapus. Kamangka sejatine tanduran pringapus uga ora mung ana ing papan kuwi wae, nanging uga ana ing dhaerah liya kang ora bisa disebutake siji mbaka siji.

Telung reca sirah macan manggon ing ngisor Umbul Sungsang, luwih cethane ing sumber metune banyu. Telung reca sirah macan ora katon yen disawang saka ndhuwure Umbul Sungsang, nanging isa disawang yen pawongan kuwi slulup ana ing sendhange Umbul Sungsang. Ana rentetan carita kang dipercaya minangka asal mulane dumadine telung reca sirah macan kuwi. Ora

kabeh wong ngerteni anane carita kuwi, jalaran uga ora ora kabeh wong ngerteni anane wewujudan telung reca sirah macan mau.

“Biyen ing jaman kawuri, Umbul Sungsang kuwi wis ana, padhukuan Pringapus uga wis ana. Sawijining dina Umbul Sungsang sing banyune mili ajeg dumadakan metu luwih gedhe. Warga Dhusun Pringapus padha bingung, kuwatir banyune ngelebi dhusun Pringapus. Warga nduwe pangira menawa watang kayu sangga langit kang maune biyen nyumpeti Umbul Sungsang kuwi mesthi wis owah panggonane, yen ora malah wis entek kagerus iline banyu.”

“Warga dhusun Pringapus ora ngerti apa sing kudu ditindakake. Ndilalah ana kulawarga pendhekar sing teka ing papan kuwi. Pendhekar lanang-wadon lan anake loro uga lanang-wadon. Kulawarga pendhekar kuwi nyoba tetulung. Ana bab kang gawe cingak, pendhekar lanang lan anake loro dumadakan owah wujud dadi macan putih. Macan telu daden-daden kuwi nyemplung ing banyu kang banjur dadi kaya umob awit saka gedhe Umbul Sungsang.” (Kaca 23, JB No. 18 2012)

Carita ngenani legendha telung reca sirah macan kang manggon ing dhasarane Umbul Sungsang diwiwiti saka anane sumber banyu kang mili banter kaya-kaya bisa nglelepake Dhusun Pringapus. Mbok menawa watang kayu sangga langit kang dipercaya biyene kanggo nyumpeti ilene banyu wis owah panggonane, utawa malah wis kagiles iline banyu. Kedadeyan kuwi nggawe goreh atine warga Dhusun Pringapus. Warga wedi yen banyu kang terus mili banter kuwi ora bisa mandheg banjur nglelepake Dhusun Pringapus.

Legendha patung sirah macan nduweni sesambungan kang raket marang legendha telung reca sirah macan lan mitos-mitos kang wis dijilantrehake sadurunge. Patung Sirah macan mawa makutha kuwi manggon ing pinggire tlaga Umbul Sungsang, lan uga minangka simbole Umbul Sungsang. Patung sirah macan mawa makutha iki kalebu patung kang endah lan nduweni carita rakyat kalebu mitos lan legendhane. Ing ngisor iki minangka pethikan kang nggambarake wiwitan anane wewujudan patung sirah macan nganggo makutha.

Pendhekar wanita kuwi banjur tapa brata ana ing Umbul Sungsang. Nganti pirang-pirang sasi, amung jugar yen wayah bengi wulan purnama. (Kaca 22, JB No. 19 2013)

Crita kang diandharake ing kene uga bisa diarani minangka crita sambungan saka crita asal mulane telung reca sirah macan mau. Pendhekar lanang lan anake loro lanang wadon kang owah wujud dadi reca sirah macan nggawe goreh atine pendhekar wadon. Ngerti kahanan kaya ngono, pendhekar wanita kuwi banjur tapa ing cedhake Umbul Sungsang. Dijilantrehake ing pethikan mau, yen pendhekar wanita kuwi tapa brata nganti prang-pirang sasi lan amung jugar saben wayah wulan purnama.

Nalika tapa brata ing cedhake Umbul Sungsang ora ana kang wani ganggu gawe, jalaran dheweke uga wis pesen yen ora ana kang oleh ngganggu gawe sasuwene tapa. Pesen kang diandharake dening pendhekar wanita kuwi diugemi dening masyarakat Dhusun Pringapus. Mula saka kuwi, kang wani nyambang ya mung Sembada wae minangka wong kang dipercaya dening pendhekar wanita kuwi.

Pendhekar wanita kuwi banjur tapa brata maneh sawise menahi ngelmu marang Sembada. Nanging anggone tapa brata terus wis ora jugar-jugar maneh. Wewujudane suwe-suwe malah terus malah dadi kaya macan, lan suwe-suwe dadi kaya watu. Wusanane nganti ketutupan eri bebondhotan. (Kaca 22, JB No. 19 2013)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake kedadeyan kang dumadi sawise pendhekar wanita kuwi menahi ngelmu sima kalang marang Sembada. Dicitakake yen pendhekar wanita kuwi tapa brata maneh sawise menahi ngelmu mau marang sembada. Nalika tapa sabanjure kuwi, nanging wis ora jugar-jugar maneh kaya sadurunge. Wewujudane pendhekar wanita kuwi saya suwe saya owah dadi watu lan awujud sirah macan nganggo makutha.

Mbok menawa owahing wujud pendhekar wanita iki sawise menahi ngelmu marang Sembada ana sesambungane karo mitos masyarakat jawa. Ana sawijine mitos kang ngandharake, sapa wae kang nduweni ngelmu kanuragan ora bakal bisa mati yen ngelmune kuwi durung diturunake marang anak putune utawa marang pawongan kang dipercaya. Mitos iki isih dipercaya dening masyarakat jawa tradhisional nganti saiki. Mula saka kuwi, jalaran pendhekar wanita kuwi wis ora nduweni anak, banjur dheweke nurunake ngelmu sima kalang kang dikuwasani marang Sembada minangka wong kang dipercaya. Sawise nurunake ngelmu sima kalang marang Sembada, menawa batine dadi ayen lan tentrem saengga suwe-suwe wewujudade owah dadi patung sirah macan mawa makutha. Makutha kang manggon ing sirah patung macan kuwi uga mbuk menawa minangka gegambaran mustikane pendhekar wanita kuwi sadurunge owah wujud.

Cerbung Umbul Sungsang minangka wujud riptan sastra ateges arupa carita fiksi. Semana uga carita Umbul Sungsang kang digambarake ing cerbung iki dening Al Aris Purnomo, uga minangka asil karya imajinatife pangripta. Papan Umbul Sungsang sejatine ora ana, semana uga Dhusun Pringapus kang sejatine mung imajinatife pangripta. Imajinatife pangripta kang digambarake lumatar cerbung iki sejatine didhasari saka anane papan Umbul Naga. Papan Umbul Naga dadi sumber inspirasine pangripta anggone ngripta cerbung Umbul Sungsang iki.

Bab mitos lan legendha kang digambarake ngenani papan umbul Sungsang ana pambadane karo carita Umbul Naga. Umbul Naga kang manggon ing Dhusun Karang Lor kabupaten Wonogiri nduweni carita mitos lan legendha kang beda karo mitos lan legendha ing cerbung Umbul Sungsang. Saben panggonan nduweni

carita mitos lan legendha kang beda antarane siji lan sijine. Sanajan beda, nanging mitos lan legendha ing saben panggonan padatane nduweni motif-motif kang padha. Mula saka kuwi, ing ngisor iki bakal diaandharake ngenani faktualitase carita mitos lan legendha sarta pambandhinge karo carita mitos lan legendha sabangasane.

Yen carita Umbul Naga minangka sumber inspirasi Cerbung Umbul Sungsang, dibandhingake karo carita liyane katelune nduweni ciri lan wujud kang bedan. Carita Umbul Naga nduweni tema lan nilai kang beda karo carita Umbul Mandhing saka Semandhing, Tulungagung Jawa Tengah lan carita Sendhang Patak Buta lan Sendgang Gaceng ing Desa Jampet, Ngasem, Bojonegoro, nanging katelune nduweni motif kang padha.

PANUTUP

Kapisan, wujud carita sajrone cerbung *Umbul Sungsang* bisa diteliti saka unsur-unsur kang mangun cerbung kuwi. Ana pirang-pirang bageyan kang dadi unsur-unsur pambangun carita fiksi, nanging dirasa mung ana telung unsur pambangun kang *dominan* sajrone carita. Unsur-unsur dominan mau yaiku tema, alur lan konflik. Tema kang kinandhut ing cerbung Umbul Sungsang iki yaiku tema lestaring lingkungan lan kabudayan. Dene alur kang digunakake yaiku alur campuran. Konflik carita kang digambarake ing cerbung iki mligi nggambarake tindak kadurjanan kang ditindakake dening sawijining paraga *Antagonis*, kang banjur dadi konflik utama sajrone carita. Cerbung Umbul Sungsang iki uga mligi nggambarake kahanan urip ing padhusunan kang sarwa prasaja, ayem, lan tentrem.

Kapindho yaiku wujud mitos kang ana sajrone cerbung Umbul Sungsang. Cacahe mitos kang digambarake ing cerbung Umbul Sungsang iki ana enem. Mitos-mitos kuwi yaiku : mitos ngenani iwak gateng kang urip ing Umbul Sungsang, mitos patung sirah macan, mitos sendhang Umbul Sungsang, mitos dina pasaran, mitos swara manuk bintit, lan mitos ngelmu sima kalang. Kaenem mitos kang diandharake mau tansah diugemi lan dipercaya dening masyarakat Dhusun Pringapus minangka masyarakat tradhisional. Mitos mitos mau tansah ana lan ngrembaka nganti pungkasaning carita.

Kang kaping telu yaiku ngenani legendha kang ana sajrone cerbung Umbul Sungsang. Cacahe carita legendha kang digambarake ing cerbung Umbul Sungsang ana lima. Kalima carita legendha kuwi yaiku : legendha dumadine Umbul Sungsang, legendha jeneng Dhusun Pringapus, legendha petilasan kang awujud candhi, legendha telung reca sirah macan, lan legendha patung sirah macan nganggo makutha. Legendha-legendha mau dipercaya wis ana wiwit jaman biyen lan isih dipercaya nganti saiki. Sanajan ora kabeh masyarakat dhusun Pringapus ngerteni sakehe carita legendha mau, nanging sakehe masyarakat mau uga tansah melu nglestarikake papan lan carita Umbul Sungsang. Carita-carita mau uga minangka cirri khas Dhusun Pringapus lan sakupenge, kang ora ana ing dhaerah liya.

Dene kang pungkasan yaiku faktualitase carita Umbul Sungsang lan pambandhinge karo carita-carita sabangsane. Miturut pangripta, carita Umbul Sungsang mono awujud carita imajinatif kang diinspirasi saka carita Umbul Naga. Carita Umbul Naga manggon ing dhusune pangripta yaiku Dhusun Karanglor, Wonogiri. Carita mitos lan legendha kang ana sajrone carita Umbul Naga beda karo carita sajrone Umbul Sungsang, mula carita Umbul Sungsang mono mung awujud carita imajinatife pangripta.

Saka andharan ing ndhuwur bisa didudut yen cerbung Umbul Sungsang minangka carita imajinatife pangripta. Sanajan imajinatif, nanging carita Umbul Sungsang iki diinspirasi saka carita nyata kang ana ing tlatah Wonogiri, yaiku carita Umbul Naga. Cerbung Umbul Sungsang ngandharake unsur-unsur antropologis kang awujud carita mitos lan legendha.

Ana saperangan cathetan lan pamrayoga tumrap Al Aris Purnomo minangka pangripta cerbung Umbul Sungsang. Cathetan kuwi awujud anane carita-carita kang kurang cetha. Kaya ta anane mitos dina pasaran lan legendha jeneng Dhusun Pringapus. Mitos dina pasaran dijlentrehake kanthi kurang cetha, kamangka dina pasaran mono isih banget diugemi dening masyarakat Dhusun Pringapus. Saliyane kuwi uga kalebu mitos kang wis padatane diugemi dening masyarakat Jawa umume. Dene carita legendha ngenani jeneng Dhusun Pringapus uga ora dijlentrehake kanthi cetha. Dijenengake Dhusun Priapus jalaran ana wit pringapus kang tuwuh subur ing dhusun kuwi, mula dijenengi Dhusun Pringapus. Dhusun Pringapus minangka latar ing carita iki kudune luwih dicethakake ngenani carita legendha.

KAPUSTAKAN

- Danandjaja, James. 1982. *Folklor Indonesia*. Jakarta: PT Pustaka Grafitipers
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka widyatama
- Geertz, Clifford. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: PT Dunia Pustaka Jaya
- Jadmiko, Rahmad Setyo. 2010. *Jagading Kapriyayen sajrone Masyarakat Jawa miturut Novel Trah Anggitane Atas S. Danusubroto* (Skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD FBS Unesa
- KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia)*. 1996. Jakarta: Balai Pustaka.
- Koentjaraningrat, dkk. 1984. *Kamus Istilah Antropologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Koentjaraningrat. 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- MH Yana. 2010. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Absolut
- Moleong, J Lexy. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Nita, Deni Iska Dian. 2011. *Mitos lan Mistis sajrone Cerbung Salindri Kenya Kebak Wewadi Anggitane Pakne Puri* (Skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD FBS Unesa

- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Poerwadarminta, W.J.S. 1937. *Baoesastra Djawi*. Tokyo : J.B. Wolters
- Prabantari, Puspitaningdyah. 2013. *Unsur Gaib sajrone Cerbung Notok Lawang Ping Patbelas Anggitane Esmiet* (skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD FBS Unesa
- Purwadi, 2007. *Ensiklopedi Adat-Istiadat Budaya Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Antropologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar
- Robson, S.O. 1978. *Pengkajian Sastra-Sastra Tradisional Indonesia*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Stanton, Robert. 2012. *Teori Fiksi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2007. *Antropologi Sastra*. Surabaya: Unesa University Press
- Sukatman. 1991. *Mitos dalam Tradisi Lisan Indonesia*. _
- Suwarni dan Widayati, Sri Wahyu. 2011. *Dasar-Dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: CV. Bintang.
- Wellek, Rene dan Warren, Austin. 1989. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.